

Gid Rapid pou Avantaj Medicaid Ou

Medikal | Dantè | Odisyon | Vizyon | Medikaman sou Preskripsyon | Sante Konpòtmantal | Ak Plis toujou



Diamond State Health Plan ak Delaware Healthy Children Program



Because Life.™



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES
Division of Medicaid & Medical Assistance

[HighmarkHealthOptions.com](https://www.HighmarkHealthOptions.com)

Kontni

Entwodiksyon	4
Disponib pou Ou.....	5
Kòmanse	6
Konnen Ki kote pou W Jwenn Swen.....	8
Avantaj Siplemanchè nan Highmark Health Options	10
Avantaj LTSS yo.....	11
Avantaj Siplemanchè nan Highmark Health Options	12
Avantaj Ki Pa Kouvri Yo.....	16
Avantaj DSHP Plus LTSS	17
Avantaj dantè, odisyon ak vizyon	20
Avantaj Medikaman sou Preskripsyon	22
Avantaj Matènite.....	23
Jwenn Èd Anpasan pa Sèvis Kominotè.....	24
Benefisye Healthy Rewards	25

Aprann plis Sou Avantaj Ou yo

Gid Rapid sa a gen nan li yon lis tout avantaj ou yo ansanm ak detay itil sou kijan pou pwofite piplis de yo.

Jwenn tout detay sou avantaj yo sou entènèt nan Manyèl Manm yo.



Mèsi Paske Ou Chwazi Highmark Health Options

Chèche nou pou kouvèti Medicaid ak swen jere—ak plis ankò, menm lè ou pa malad.

Kouvèti nou an ale pi lwen pase bagay debaz yo pou ou ka viv yon pi bon lavi. Eleman debaz yo gen nan yo swen pou byennèt fizik ak mantal ou — tout sa nan men doktè, lopital, ak famasi ou bezwen yo.

Kèk nan avantaj Highmark Health Options kouvri yo se avantaj “anplis” yo ye. Sa vle di yo pa avantaj estanda tout plan Medicaid yo kouvri.

Avèk Highmark Health Options, ou kapab:

- **Benefisye rekonpans yo:** Lè w fè sèten egzamen ak depistaj sante, epi lè w swiv klas byennèt ak aktivite ki bon pou sante.
- **Konekte avèk nou:** Avèk yon smatfòn gratis (youn pou chak fanmi). Apèl ak tèks ou yo toujou gratis epi yo p ap afekte balans plan ou a.
- **Konnen ki kote ou dwe ale:** Avèk transpò gratis pou ale nan famasi, makèt, evènman kominotè, aktivite sante ak byennèt, ak plis toujou. Sa ajoute sou avantaj transpò a ki founi kous pou vizit kay doktè.
- **Ak plis toujou.** Gade nan lis avantaj ekstra yo.



Mande yon
Kowòdonatè Swen
pou w aprann kijan
Highmark Health
Options ka aji pou ou.
Pou kòmanse, rele
Sèvis Manm yo.

Si w pa ka wè oswa w pa ka li enfòmasyon Highmark Health Options voye pou ou, rele Sèvis Manm yo. Nou ka voye enfòmasyon yo nan yon fason diferan, sa gen ladan gwo lèt, odyo, oswa Bray. Nou ka ba w enfòmasyon tou nan yon lòt lang. Sèvis sa yo gratis.

Disponib pou Ou

Rele lè w bezwen èd oswa enfòmasyon. Nou la pou ou.



Rele Nou

Si w gen kesyon sou avantaj ou yo, rele Sèvis Manm yo nan **1-844-325-6251**, Lendi jiska Vandredi, 8 a.m.–8 p.m.

- Moun TTY ki itilize yo dwe rele nan **711** oswa **1-800-232-5460**.
- Para asistancia en español llame al **1-844-325-6251**.
- Pou sèvis tradiksyon lang gratis, rele nan **1-844-325-6251**.



Vizite Nou Sou Entènèt

Men kèk nan bagay ou kapab fè nan **HighmarkHealthOptions.com**:

- Jwenn yon nouvo doktè oswa yon famasi. Nan kwen anwo dwat sou paj dakèy la, klike sou Find Care in Your Area (jwenn swen nan zòn ou an) pou w jwenn Anyè Founisè a.
- Enskri nan myHHO, ki konsène ou antyèman. Ou ka itilize myHHO pou w planifye yon vizit sou Entènèt avèk yon founisè swen, chèche enfòmasyon sou reklamasyon w yo, ranpli fòm, modifye enfòmasyon pou kontakte w, ak plis toujou. Sèvi ak bouton login sou paj dakèy la pou w antre nan myHHO.
- Gade Manyèl Manm konplè a ansanm ak tout bilten Here for you yo (Disponib pou ou).
- Fè rechèch nan Bibliyotèk Sante a pou w aprann plis sou pwoblèm sante w yo.
- Depoze yon apèl oswa yon doleyans.
- Ak plis ankò toujou.



Chèche Nou

Nou planifye epi patisipe nan evènman kominotè yo. Epi nou fè tèlman plis toujou pou bay sa w bezwen, dirèkteman kote w ap viv la. Avèk Food Bank of Delaware, nou òganize evènman distribisyon manje nan konte w. Avèk YMCA, nou ofri klas byennèt pou prevansyon dyabèt ak pou yon pwa an sante.



Gade ti videyo kout sa a pou w konnen plis sou Highmark Health Options nan Delaware.

Swiv nou sou Facebook pou w aprann sa n ap fè nan katye w la.

Kòmansè

Kat ID Highmark Health Options ou ak founisè swen prensipal ou (PCP) se bagay ki enpòtan.

Kat ID Ou


Nou te poste kat ID w lan pou ou. Rele Sèvis Manm yo si ou pa te resevwa l. Chak manm nan fanmi w ki enskri nan Highmark Health Options ap gen yon kat ID.

PCP w lan se doktè fanmi w. Asire w PCP ki endike sou kat ID w lan se sila ou vle a. Rele Sèvis Manm yo si PCP ki sou kat ID w lan se pa PCP ou vle a. Tcheke lòt enfòmasyon yo sou kat ID a pou asire w yo kòrèk tou.

Rele Sèvis Manm touswit si:

- Kat ID w pèdi oswa yo vòlè l.
- Ou pa te resevwa kat ID ou a.
- Nenpòt nan enfòmasyon ki sou kat ID w la ki pa bon.

Rele nimewo telefòn ki sou do kat ID w lan lè w bezwen èd oswa enfòmasyon.



Enpòtan: Toujou konsève kat ID Highmark Health Options ak kat Medicaid Delaware w avèk ou. Montre toude kat yo chak fwa ou bezwen sèvis swen sante.



PCP ou

PCP w lan se doktè fanmi w. Ou dwe chwazi yon PCP. Ou ka gen menm PCP a pou tout fanmi w, oswa ou ka gen yon PCP diferan pou chak moun nan fanmi w. Chwa a se nan men w li ye. Pou planifye yon vizit kay PCP a, rele nimewo telefòn PCP ki sou devan kat ID w lan.

PCP ou se premye moun ou rele anjeneral lè w bezwen swen sante. Ou kapab rele PCP ou 24 èdtan sou vennkat, sèt jou sou sèt. Apre lè biwo, apèl ou a prale nan yon sèvis repons. Ou ka kite non w ak nimewo telefòn ou. PCP w lan oswa yon doktè ki desèvis ap tounen ou apèl la.

PCP w lan konnen plis bagay sou ou epi li pral:





- Ofri vizit nan klinik lè w malad epi swen woutin pou ede w rete byen. Swen woutin gen ladan egzamen byennèt, depistaj, vaksinasyon, epi renouvelman ak chanjman medikaman sou preskripsyon.
- Jere lòt kalite swen yo ak sejou nan lopital yo. Si w bezwen swen PCP w lan pa bay, PCP w lan ka planifye yon vizit avèk yon espesyalis. Yo rele sa yon referans. Yon espesyalis konsantre sou yon pwoblèm sante byen presi. Pa egzanp, yon doktè kè, doktè po, oswa yon moun ki fè operasyon.
- Mande otorizasyon davans pou sèten sèvis. N ap egzamine tout enfòmasyon medikal yo ban nou pou deside si yo mande yon sèvis èske se li ki pi bon swen pou ou.



Ou ka mande yon nouvo PCP nenpòt lè. Rele Sèvis Manm si w vle chanje PCP w lan.

Konnen Kikote pou W Jwenn Swen

Tablo swen sa a pral gide w nan opsyon ou yo. Men kikote pou w ale baze sou sentòm yo, kote w ye, ak lè fonksyònman yo.

<p>Konsiltasyon Doktè sou entènèt</p>  <p>Jwenn swen sou entènèt pou tretman sentòm kouran yo lakay ou:</p> <p>Rim ak grip Zòrèy fè mal Enfeksyon nan sinis</p> <p>Sante mantal: Terapi lapawòl ak sikyatri</p>	<p>Kabinè Doktè</p>  <p>Jwenn swen an pèsòn pou tchèkòp woutin ak pou maladi kwonik yo:</p> <p>Enfeksyon nan zòrèy, gòj ak enfeksyon nan aparèy pipi Pwoblèm nan vant Dyabèt</p> <p>Sante mantal: Terapi lapawòl ak sikyatri</p>	<p>Swen Ijan</p>  <p>Jwenn swen an pèsòn pou maladi ijan ki pa mete lavi an danje:</p> <p>Antòs ak fouli Pwoblèm opresyon/ respirasyon Grip oswa rim avèk lafyè</p> <p>Reyaksyon alèjik ak gratèl modere</p>	<p>Sèvis Dijans (Emergency Room, ER)</p>  <p>Jwenn swen an pèsòn pou pwoblèm grav oswa ki mete lavi an danje:</p> <p>Difikilte pou respire Senyen san kontwòl Blese grav</p> <p>Sante mantal: Depresyon grav ak panse pou komèt swisid</p>
<p>Aksè 24 èdtan sou vennkat, 7 jou sou sèt avèk HHOontheGo.com</p>	<p>Lendi jiska Vandredi, 9 a.m.–5 p.m.</p>	<p>Maten, aswè, ak nan wikenn</p>	<p>Li louvri 24 èdtan sou vennkat, 7 jou sou sèt</p>

 Mande yon enfimye/enfimyè ki kalite swen ou bezwen. Rele Liy Enfimye/Enfimyè 24 èdtan sou vennkat la nan **1-844-325-6251 (TTY: 711 oswa 1-800-232-5460)**.

Si w gen yon ijans medikal, rele **911**.

Si w gen yon ijans sante mantal, rele **988**.



Swen sou entènèt

Si w pa ka ale nan klinik doktè w oswa si w bezwen èd anvan w ka jwenn yon randevou, sèvi ak aplikasyon HHO on the Go a, kèlkeswa kote w ye a. Li disponib 24 èdtan sou vennkat, 7 jou sou sèt. Pale avèk yon founisè swen touswit pou swen medikal ijan yo. Oswa prevwa tan pou swen sante mantal.

Enskri kounye a pou w kapab prè lè w bezwen èd. Telechaje Aplikasyon an nan Apple App Store oswa Google Play. Enskri sou aplikasyon an oswa enskri sou entènèt nan **HHOontheGo.com**.

Remak: Doktè HHO on the Go a pa menm avèk PCP w lan. Sèten PCP ofri swen sou entènèt tou. Rele PCP w lan pou w mande.

Swen Deyò Rezo

Si w bezwen swen nan men yon founisè deyò rezo a, PCP w lan ka rele nou pou mande kouvèti deyò rezo a. Si nou jwenn yon founisè oswa yon lopital nan rezo a, n ap enfòm PCP w lan. Si swen rezo a pa disponib, Highmark Health Options ap kouvri swen deyò rezo a pandan tout tan ou pa kapab jwenn sèvis nan rezo a.

Swen Deyò Zòn Ou

Si w deyò zòn sèvis la epi w gen yon ijans medikal, tankou yon kriz kadyak oswa yon aksidan machin, ale nan sèvis dijans ki pi pre a. Rele PCP w lan byen vit dèke sa posib.

Pa gen Kouvèti Deyò Etazini

Si w deyò Etazini epi w bezwen swen medikal, Highmark Health Options p ap kouvri okenn sèvis ou resevwa. Medicaid pa kapab peye pou okenn sèvis swen sante ou jwenn deyò Etazini.

Avantaj Sipleman tè nan Highmark Health Options

Avantaj Medicaid Ekstra yo	Detay yo
Avantaj pou fiti ak nouvo manman yo	<ul style="list-style-type: none"> • Pwogram MOM Options pou fiti manman ki gen egzamen regilye anvan nesans tibebe a. Rekonpans yo gen nan yo chwa chèz machin pou tibebe, pousèt, Pack 'n Play, oswa Baby Shower in a Box. • Sak kouchèt Essentials ki chaje avèk kouchèt ak plis toujou pou nouvo tibebe a. Sak la tou se yon matla pou kousen kouchèt. Se Kowòdinasyon Swen ki founi yo. • Itilizasyon gratis aplikasyon Pacify la pou vizit videyo ak apèl, 24 èdtan sou vennkat, 7 jou sou sèt. Okenn randevou pa nesèsè. Ekspè yo reponn nan 5 minit oswa mwens. Itilizatè yo ka poze kesyon sou alètman matènèl, alimantasyon ak fòmila, ponpaj, sevraj, ajoute manje solid, kriye ak kolik, epi dantisyon. Anplis chèche sijè sa yo sou aplikasyon an. • Klas matènite gratis nan kominote a.
Pwogram pou Prevansyon Dyabèt	Laj 18 lane oswa plis: Yon pwogram ennan nan Highmark Health Options ak YMCA nan Delaware pou manm ki kalifye yo. Kapab fèt an pèsòn oswa sou entènèt.
Balans dijital pou saldeben	Laj 20 lane oswa plis: Kouvri pou granmoun ki gen pwoblèm kè byen presi ki enskri nan pwogram Jesyon Maladi a pou maladi kwonik.
Linèt ak vè kontak	Laj 21 lane oswa plis: Kouvri chwa pou sèten monti linèt oswa vè kontak. (Gade nan Avantaj Estanda yo pou laj 20 lane ak pi piti.)
Pwogram Bon GED	Laj 18 lane oswa plis: bKouvri frè pou tè s GED pa mwayen yon pwogram bon.
Pwogram Healthy Rewards	Bay chans pou benefisye rekonpans \$10–\$25 pou aktivite tankou vizit byennèt ak depistaj yo. Yo mete rekonpans yo sou yon kat Healthy Rewards ki ka itilize tankou yon kat kredi. Epi rekonpans yo adisyone. Enskri sou entènèt.
Livrezon manje Healthy Transitions	Ofri livrezon repa gratis nan kay la pou manm ki kalifye ki te gen yon sejou resan nan lopital.
Aparèy pou tande	Laj 21 lane oswa plis: Kouvri yon aparèy pou tande pou chak zòrèy chak dezan, epi pil pou yon ane. (Gade nan Avantaj Estanda yo pou laj 20 lane ak pi piti.)
Pwogram LEAN	Laj 18 lane oswa plis: Yon pwogram 12 semèn nan Highmark Health Options ak YMCA nan Delaware pou ede manm yo manje pi an sante, bouje plis, epi pèdi pwa.
Pwogram Smatfòn SafeLink	Bay yon smatfòn gratis pou manm ki kalifye yo. Gen nan li minit gratis pou rele Highmark Health Options.
Sèvis transpò (founi pa American Logistics)	Ofri kous gratis pou granmoun ak timoun ki kalifye pou ale nan makèt, bank manje, famasi, sant anplwa, ak plis toujou. (Se Modivcare ki ofri kous gratis yo pou ale nan vizit swen sante yo. Gade Avantaj Estanda yo, transpò ki pa ijans.)

Avantaj LTSS yo

Avantaj LTSS yo	Detay yo
Sèvis pou granmoun*	Swen pèsònèl e ki sipèvize nan kominote a pandan jounen an.
Swen asistan*	Ede ak aktivite nan lavi chak jou.
Sèvis entèlektyèl yo*	Konsèy ak terapi pou manm yo ak fanmi yo. Limite a 20 vizit chak ane plis yon evalyasyon.
Altènativ rezidansyèl ki baze nan kominote a	Anviwònman rezidansyèl tankou kay ki ofri sèvis soutyen, ak pwogram sosyal ak lwazi.
Jounen adaptasyon	Ede ak konpetans aprantisaj ak devlopman pou ede nan endepandans andedan ak andeyò kay la.
Manje ki livre lakay *	De repa ki livre chak jou.
Aktivite endepandan nan lavi chak jou *	Ede ak kwit manje, netwaye, fè makèt, ak plis ankò.
Ti modifikasyon nan kay la *	Chanjman nan kay la pou ede endepandans. Limit yo se pou chak pwojè, pou chak ane, ak pou chak lavi.
Etablisman retrèt	Gen ladann enfimyè kalifye, reyadaptasyon ak swen sante.
Sipleman nitrisyonèl pou VIH/SIDA*	Sipleman oral pou moun ki pèdi pwa ak malnitrisyon.
Sistèm repons pou ijans pèsònèl*	Aparèy elektwonik pèsònèl ki bay aksè 24 sou 24 nan ka ijans.
Swen relèv	Yon etablisman asistans, oswa mezon retrèt pou yon responsab swen ka repoze. Limite a 14 jou chak ane.
Swen asistan oto-dirije	Soutyen pou otorite endividyèl sou pran desizyon pou sèvis swen.
Ekipman medikal espesyalize	Atik ki itil, tankou grabbers. Sèlman pou atik ki pa garanti anba plan Eta a.
Sèvis tranzisyon nan etablisman retrèt ak atelye	Èd ak depans demenajman jiska \$2,500.

*Yo pa ofri l bay moun k ap viv nan asistans oswa sant retrèt.

Avantaj Estanda nan Highmark Health Options

Avantaj Medicaid Estanda yo	Detay yo
Tès alèji	Kouvri
Sèvis anbilans	Kouvri
Sant chirijikal anbilatwa	Kouvri
Sante konpòtmantal (sante mantal) ak tretman pou konsomasyon sibstans, swen pasyan ekstèn	<ul style="list-style-type: none"> Laj 18 lane oswa plis: Kouvri Laj 17 lane ak pi piti: Kouvri pou 30 èdtan pasyan ekstèn pa ane. Èdtan siplemantè pasyan ekstèn yo kouvri anpasan pa Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo (Department of Services for Children, Youth, and Their Families, DSCYF). Remak: Pou sila yo k ap patisipe nan PROMISE, sèvis yo kouvri anpasan pa Eta a.
Sante konpòtmantal (sante mantal) ak tretman pou konsomasyon sibstans, swen pasyan entèn	<ul style="list-style-type: none"> Laj 18 lane oswa plis: Kouvri Laj 17 lane ak pi piti: Kouvri anpasan pa Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn, ak Fanmi Yo (DSCYF).
Pwodui san ak plasma	Kouvri
Depistaj dansite zo	Kouvri
Depistaj pou kansè	<p>Kouvri depistaj pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> Kansè nan tete (mamogram) Kansè nan kòl matris (Tès Pap) Kansè kolorektal (kolonoskopi) Kansè nan pwostat
Sèvis kowòdinasyon swen ak jesyon swen	Kouvri
Chimyoterapi ak radyasyon	Kouvri
Swen kiwopratik	Kouvri dyagnostik imajri ak manipilasyon kolòn vètebral pou diminye doulè nan kou, do, basen, ak sakwòm. Kouvri tou sèvis pou diminye doulè epi ede gerizon, tankou akiponkti ak masaj.
Swen dantè	<ul style="list-style-type: none"> Laj 21 lane oswa plis: Kouvri swen dantè prevantif ak korektif avèk \$1,000 limit, anwetan ekstraksyon dan sajès ki enpakte nan zo. Yo ka apwouve \$1,500 anplis pou swen dijans. \$3 kopeman. Laj 20 lane ak pi piti: Kouvri swen dantè prevantif ak korektif san limit anyèl, anwetan ekstraksyon dan sajès ki enpakte nan zo. Gen ladan aparèy òtodontik ak retansyon. \$0 kopeman. <p>Remak: Ekstraksyon dan sajès ki enpakte nan zo yo kouvri nan avantaj medikal Highmark Health Options.</p>

Swen pou dyabèt	Kouvri edikasyon, ekipman, ak founiti, sa gen ladan glikomèt ak bann pou tè.
Dyaliz	Kouvri
Swen doula	Kouvri tout aspè nan gwosès, sa gen ladan swen prenatal, akouchman, swen apre akouchman, ak pèt gwosès tankou foskouch ak tibebe ki fèt tou mouri.
Ekipman medikal dirab ak founiti	Kouvri ekipman ak founiti yon doktè preskri, sa gen ladan dra kabann ak kouchèt pou moun ki gen laj 4 lane oswa plis.
Swen nan sèvis dijans	Kouvri
Egzamen zye, vizit woutin	Kouvri yon egzamen woutin chak ane.
Egzamen zye, vizit pou maladi	Kouvri vizit pou maladi pou pwoblèm tankou retinopati dyabetik, glokòm, ak enfeksyon.
Linèt ak vè kontak	Laj 20 lane ak pi piti: Yon pè linèt oswa vè kontak pa ane, gen limit ki aplike. (Gade Avantaj Siplemanchè yo, anwo a, pou laj 21 lane oswa plis.)
Sèvis planin familyal	<ul style="list-style-type: none"> • Kouvri sèvis nan rezo oswa deyò rezo pou manm DSHP yo. • Kouvri sèvis nan men founisè rezo pou manm DHCP yo. Pa kouvri sèvis founisè deyò rezo pou manm DHCP yo.
Sant sante kalifye nan nivo federal	Kouvri
Tès jenetik	Kouvri
Depistaj glokòm	Kouvri
Vizit kay jinekòlòg	Kouvri egzamen basen ak tè Pap.
Aparèy pou tande ansanm ak pil	Laj 20 lane ak pi piti: Kouvri (Gade Avantaj Siplemanchè yo, anwo a, pou laj 21 lane oswa plis.)
Egzamen pou odisyon	Kouvri
Tès VIH/SIDA	Kouvri
Swen sante nan kay	Kouvri
Swen ospis	Kouvri swen ospis nan yon etablisman oswa nan kay.

Swen lopital	Kouvri swen pasyan entène, sa gen ladan reyadaptasyon pou pasyan entène, ak swen pou pasyan ekstèn. Remak: Jan sa dekri nan antre pasyan ki entène nan swen konpòtmantal, sèvis pou moun laj 17 lane oswa pi piti yo kouvri anpasan pa Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo (DSCYF).
Sèvis imajri	Kouvri sèvis dyagnostik imajri: Radyografi; eskanè CT, PET, MRI, ak SPECT; epi etid nikleyè.
Terapi pèfizyon	Kouvri sèvis pasyan entène ak pasyan ekstèn.
Sèvis laboratwa	Kouvri tès dyagnostik, tèlke tès san.
Sèvis ak sipò dire long	Kouvri pou DSHP Plus LTSS.
Swen matènite	Kouvri swen anvan, pandan ak apre nesans. Kouvri tou akouchman ak edikasyon pou levasyon timoun.
Transpò ki pa-ijans	Eta a kouvri l pou kous pou ale nan vizit swen sante anpasan pa Modivcare .
Swen nan etablisman swen enfimye	Kouvri jiska 30 jou pa ane; yo konsidere jou siplemantè yo kòm swen dire long. Aplike pou Pwogram Asistans Medikal Delaware pou swen dire long.
Obsèvasyon	Kouvri
Vizit medikal sou entènèt	Kouvri vizit vityèl nan sit entènèt HHO on the Go oswa aplikasyon an. Disponib 24 èdtan sou vennkat, 7 jou sou sèt. <ul style="list-style-type: none"> • Tout laj yo: Swen ijan. • Laj 18 lane oswa plis: Terapi ak sikyatri.
Tretman adiksyon nan opyoyid	Kouvri terapi avèk èd medikaman.
Grèf ògàn	Kouvri grèf ak evalyasyon anvan grèf.
Soulye òtopedik	Kouvri*
Operasyon pasyan ekstèn	Kouvri chiriji menm jou ak anbilatwa.
Jesyon doulè	Kouvri
Swen pèsònèl	Kouvri sèvis èd nan kay yo bay.
Terapi fizik, lapawòl ak terapi okipasyonèl	Kouvri sèvis pasyan ekstèn.
Swen pou pye	Kouvri swen podyatri woutin pou moun ki gen dyabèt oswa pwoblèm sikilasyon san nan janm yo.

Medikaman sou preskripsyon	Kouvri medikaman yon doktè preskri. Gen yon pwovizyon pou 90 jou ki disponib pou sèten medikaman pou maladi kwonik.
Vizit kay founisè swen jeneral	Kouvri vizit nan kabinè doktè, tchèkòp, ak vizit pou maladi.
Swen enfimye prive	Kouvri avèk otorizasyon davans.
Pwotèz ak òtèz	Kouvri*
Swen repi (pedyatrik)	Laj 20 lane ak pi piti: Kouvri sèvis dire kout dekwa pou responsab swen regilye timoun ki pa touche yo kapab pran tan lib. Avantaj ki kouvri a se pou yon total 285 èdtan oswa 15 jou pa ane. Swen repi yo gendwa swa lakay ou oswa deyò kay la (pa egzanp, nan yon sant). Repi dijans se yon maksimòm sis epizòd 72 èdtan pa ane. Remak: Depatman Edikasyon an pa bay avantaj sa a ankò.
Sant byennèt baze nan lekòl yo	Kouvri
Dezyèm opinyon	Kouvri konsèy nan men yon dezyèm doktè pou konpare avèk konsèy yon lòt doktè.
Swen asistan ou dirije oumenm	Laj 20 lane ak pi piti: Kouvri pou timoun ki resevwa sèvis swen pèsònèl. Gen nan yo èd pou aktivite lavi toulejou yo, jan yon paran oswa yon lòt granmoun dirije yo. Limit 40 èdtan swen pa semèn.
Etablisman swen enfimye kalifye	Kouvri swen nan etablisman swen enfimye jiska 30 jou pa ane.
Etid apne somèy	Kouvri
Vizit kay espesyalis	Kouvri swen nan men yon doktè ki gen fòmasyon espesyal pou yon pwoblèm oswa maladi byen presi.
Èd pou sispann fimèn	Kouvri pa Quitline. Disponib an pèsòn ak sou entènèt.
Chiriji	Kouvri chiriji pasyan entène ak pasyan ekstèn.
Swen ijan/Klinik pou swen san randevou	Kouvri swen oswa tretman medikal ki nesèsè nan lespas 48 èdtan. Pa yon ijans.
Vizit sante pou tibebe ak pou timoun an sante, vaksinasyon	Kouvri swen pou timoun ki gen kouvèti Medicaid anpasan pa pwogram Depistaj, Dyagnostik, ak Tretman Bonè ak Regilye (Early and Periodic Screening, Diagnostic, and Treatment, EPSDT).
Lokasyon chèz woulant	Egzije otorizasyon davans.

*Egzije otorizasyon davans si pri a plis pase \$500.

Avantaj Ki Pa Kouvri Yo

Avantaj yo	Detay yo
Avòtman	Kouvri sèlman nan ka ensès, vyòl, oswa menas pou lavi manman an.
Akiponkti	Sòf si se yon kiwopratisyen ki bay yo.
Swen nan men founisè Christian Science yo ak sanatoryòm yo	
Sèvis kosmetik	
Medikaman DESI yo *	
Tretman enfètilite	
Sterilizasyon pou sa yo ki gen laj 20 lane ak pi piti	

* **Mizanplas etid sou efikasite medikaman (Drug Efficacy Study Implementation, DESI):**
 Yon pwogram Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) ki egzije pou tout medikaman yo efikas epi san danje tou. Medikaman ki kode kòm DESI pa kouvri nan pwogram Medicaid la.

Avantaj DSHP Plus LTSS

Avantaj ou yo garanti sèvis ak soutyen sou peryòd ki long yo (LTSS).

Sa gen ladann swen ki baze nan etablisman ak sèvis nan kay ak nan kominote a. W ap gen yon plan swen ki dekri sèvis ak swen ou bezwen yo.

Ou Gen Opsyon

Si w kalifye pou swen mezon retrèt, ou ka chwazi pou w pran swen:

- Nan yon mezon retrèt.
- Nan yon lòt kote nan kominote a (pa egzansp, asistans).
- Nan kay ou ak sèvis nan kay ak nan kominote a si bezwen ou yo ka satisfè san danje epi yon fason ki efikas.
- Swen asistan ou dirije ou menm. Sa vle di anplwaye ak jere pwòp responsab swen w. Antanke patwon an, ou gen plis kontwòl sou anplwaye ki bay swen ou a ak sou fason yo bay swen ou an.
- Avèk yon Reprezantan Travay ki pa touche. Sa a se yon manm fanmi, zanmi, oswa yon moun ki pwòch ou ki serye epi ki ka dirije swen ou.

Manadjè Dosye w la

Nan kad avantaj Highmark Health Options ou yo, w ap gen yon Manadjè Dosye. Dosye w la Manadjè a se premye moun ou ta dwe ale kote l si ou gen kesyon oswa enkyetid.

Manadjè dosye w la pral:

- Fè w konnen avantaj ou yo epi reponn kesyon w yo.
- Bay enfòmasyon pou ede w fè bon chwa konsènan swen sante w.
- Ede w jwenn bon sèvis ak soutyen sou peryòd ki long nan bon anviwònman an.
- Kowòdone tout sèvis swen fizik, mantal ak sou peryòd ki long ak bezwen soutyen ou yo.
- Kontakte w lè w nan lopital la ak lè w ale lakay ou.
- Ede rezoud pwoblèm ou ka genyen konsènan swen ou.
- Asire w yo suiv plan swen w lan epi l ap fonksyone pou ou.
- Konsyan sou chanjman bezwen w yo epi mete ajou plan swen w lan.
- Pale ak doktè w sou bezwen w ak swen sante w.
- Pale ak doktè ou yo pou fè aranjman pou sèvis yo.

Si w gen swen nan mezon retrèt, Manadjè Dosye w la pral:

- Travay ak mezon retrèt la pou w ka patisipe nan planifikasyon swen w. Sa gen ladann fè pati konferans plan swen enfimye yo.
- Jwenn fason pou ede jere plan swen sante w lè w itilize avantaj Highmark Health Options ou yo.
- Travay ak mezon retrèt la lè ou bezwen sèvis mezon retrèt la pa responsab pou bay.
- Fè vizit fasafas avèk ou omwen chak 180 jou sivil.
- Detèmine si ou ka deplase soti nan mezon retrèt la pou ale nan kominote a.
- Ede planifye yon demenajman ki san danje.

Si w gen swen nan kay oswa si w abite nan yon etablisman asistans, Manadjè Dosye w la pral:

- Evalue bezwen ou yo ak pi bon sèvis yo pou ou.
- Travay avèk ou pou fè plan swen ou.
- Patisipe bon founisè swen sante yo lè w ap fè plan swen w.
- Asire l yo suiv plan swen w lan e l ap fonksyone byen pou ou.
- Ede w jwenn founisè nan rezo nou an.
- Asire w ou ap jwenn sa w bezwen epi ede w repare nenpòt twou vid ki genyen nan swen.
- Ba w enfòmasyon sou resous kominote a ki ka itil ou.
- Fè vizit fasafas avèk ou omwen chak 180 jou sivil.
- Verifye omwen yon fwa chak ane pou asire w ou satisfè kritè pou sèvis LTSS yo.

Èd Pandan ak Apre yon Sejou Lopital

Manadjè Dosye w la ka ede w lè w nan lopital la epi apre w fin ale lakay ou.

Lè w nan lopital la, Manadjè Dosye w la ap rele w pou:

- Reponn nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan ale lakay ou.
- Fè w sonje pou w kesyone sou medikaman yo anvan w kite lopital la.
- Fè w sonje pou w pran randevou pou yon vizit doktè swivi.



Aprè w fin retounen lakay ou sofi nan lopital la, Manadjè Dosye w la ap rele w pou:

- Mande pou ou analize òdonans egzeyat ou yo.
- Pale sou medikaman ou yo.
- Ede ou drese yon lis kesyon pou doktè ou an.
- Ede w fè aranjman pou yon deplasman nan yon vizit doktè swivi, si sa nesèsè.

Aprè vizit swivi ou a kay doktè ou an, Manadjè Dosye w la ap rele w pou:

- Pale sou òdonans doktè a.
- Pale sou medikaman ou yo.

Remak: Sèvis LTSS ki garanti yo pa ranplase sèvis Medicare oswa lòt asirans peye pou yo.



Avantaj dantè, odisyon ak vizyon

Highmark Health Options kouvri swen dantè, swen pou odisyon ak swen vizyon pou granmoun ak timoun.



Avantaj Dantè

Granmoun (21 lane oswa plis):

Avantaj dantè w gen yon kouvèti \$1,000 chak ane. Yo ka apwouve plis kouvèti (jiska \$1,500) pou swen dantè dijans. Ou gen kouvèti pou egzamen, netwayaj, pawodonti, sèvis prevantif, ak reparasyon fo dan. Kopeman ou se \$3. Fo dan pa kouvri nan kad avantaj sa a. Rele Sèvis Manm oswa fè rechèch nan Anyè Founisè a pou jwenn yon dantis.

Timoun (laj 20 lane ak pi piti):

Avantaj dantè timoun ou an pa gen limit anyèl pou swen dantè. Kopeman ou se \$0, epi ou pa bezwen yon referans pou w wè yon dantis. Kouvèti pou timoun yo gen nan li egzamen, netwayaj, plonbaj, kanal rasin, aparèy òtodontik, ak retansyon.

Remak: Ekstraksyon dan sajès ki enpakte nan zo yo kouvri nan avantaj medikal ou.



Avantaj Odisyon

Granmoun (21 lane oswa plis):

Avantaj odisyon ou gen nan li yon egzamen woutin ak yon aparèy pou tande pou chak zòrèy chak de ane kalandriye, jan sa nesesè, san kopeman. Chwazi nan pami sis mak aparèy pou tande. Gen ladan tou: anbou orikilè ak ajisteman, peryòd esè 60 jou, pwovizyon pil pou 1 ane, ak garanti fabrikan 3 ane pou reparasyon ak antretyen. Rele 1-877-759-3272 pou w pale avèk yon konsiltan odisyon epi planifye yon vizit.

Timoun (laj 20 lane ak pi piti):

Avantaj odisyon timoun ou an gen ladan egzamen kapasite pou tande, aparèy pou tande, epi pil yo.



Avantaj Vizyon

Granmoun (21 lane oswa plis):

Avantaj vizyon ou gen nan li yon egzamen zye anyèl san kopeman. Kouvèti a gen ladan tou vè kontak jetab oswa pou mete pou peryòd pwolonje oswa yon chwa nan monti linèt avèk vè preskripsyon plastik klè. Rele Sèvis Manm oswa fè rechèch nan Anyè Founisè a pou jwenn yon doktè zye.

Timoun (laj 20 lane ak pi piti):

Avantaj vizyon timoun ou an gen ladan yon linèt oswa vè kontak chak ane. Si linèt timoun ou an kase epi li bezwen reparasyon oswa ranplasman, pote linèt yo nan magazen kote ou te achte yo a. Magazen an ap repare oswa ranplase linèt timoun ou an.



Avantaj Medikaman sou Preskripsyon

Highmark Health Options itilize yon lis medikaman sou preskripsyon Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Delaware apwouve pou moun ki gen Medicaid. Yo rele sa lis medikaman prefere a. Lòt medikaman ki apwouve yo parèt sou lis medikaman sipleman tè a.

Gen anpil famasi nan rezo Highmark Health Options lan. Toujou itilize yon famasi rezo pou ranpli ak pou renouvle tout preskripsyon ou yo. Ou ka rele oswa vizite nenpòt famasi rezo pou mande yon renouvèlman medikaman. Rele Sèvis Manm oswa fè rechèch nan Anyè Founisè a pou jwenn yon famasi rezo.

Mande yon Pwovizyon pou 90 Jou

Èske w pran yon medikaman preskripsyon pou yon pwoblèm dire long? Ou ka anmezi pou jwenn yon pwovizyon pou 90 jou olye yon pwovizyon pou 30 jou. Sa vle di ou bezwen renouvle preskripsyon ou kat fwa pa ane sèlman. Ale sou sitwèb nou an pou jwenn lis medikaman ki kouvri pou yon pwovizyon pou 90 jou.

Avantaj Matènite

Nou disponib pou ou anvan ak apre tibebe w lan fèt.

Li trè enpòtan pou w pote atansyon sou sante w pandan tan chanjman sa a. Asire ke w wè doktè w oplita nan 14 jou apre w vin konnen w ansent. Wè doktè w regilyèman anvan ak apre tibebe w lan fèt pou egzamen prenatal ak apre akouchman.

Swen matènite yo kouvri nan avantaj Medicaid estanda ou yo. Anplis, Highmark Health Options bay avantaj siplemantè ki pa avantaj estanda Medicaid.

Avantaj matènite estanda yo gen ladan:

- Vizit nan klinik ak tè s anvan tibebe ou an fèt.
- Sejou w nan lopital ak swen w yo lè w gen tibebe w la.
- Vizit nan klinik ak tè apre tibebe ou an fèt.

Avantaj siplemantè matènite nan Highmark Health Options gen nan yo:

- Pwogram MOM Options pou fiti manman ki gen egzamen regilye anvan nesans tibebe a. Rekonpans yo gen nan yo chwa chèz machin pou tibebe, pousèt, Pack ‘n Play, oswa Baby Shower in a Box.
- Itilizasyon gratis aplikasyon Pacify la pou vizit videyo ak apèl, 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt pou èd ekspè pou alètman matènèl, alimantasyon ak fòmila, ponpaj, sevraj, ak plis toujou.
- Sak kouchèt Essentials ki chaje avèk kouchèt ak plis toujou pou nouvo tibebe w la.
- Klas matènite gratis nan kominote a.

Remak: Avantaj ou a gen nan li tou planin famiyal. Gade nan lis avantaj estanda yo.



Depann sou Kowòdonatè Swen Ou

Avantaj matènite w lan gen nan li yon Kowòdonatè Swen, yon moun ou ka pale avè l lè w ansent ak apre tibebe w la fèt. Yon Kowòdonatè Swen se yon enfimye/enfimyè oswa yon travayè sosyal ki ka reponn kesyon ou yo, ede w planifye vizit kay doktè, jwenn sèvis kominotè yo, ak plis toujou. Mande Kowòdonatè Swen w lan pou l enskri w nan pwogram Mom Options lan.

Jwenn Èd Anpasan pa Sèvis Kominotè

Platfòm sou entènèt Sipò Kominotè Highmark Health Options lan ka konekte w nan pwogram ak resous lokal baze sou bezwen ou yo ak kote w ye a.

Fonksyon rechèch gratis anonim nou an ka ede w pou:

- Manje
- Travay
- Èd legal
- Machandiz
- Edikasyon
- Èd Finansye
- Lojman
- Transpò
- Sèvis pou swen ak sipò



Pou kòmanse chèche resous, ale sou **[HMHealthOptions.FindHelp.com](https://www.HMHealthOptions.FindHelp.com)** epi mete kòd postal ou.

Ou Pa Poukont Ou

Chak jou, plizyè santèn moun atravè Delaware adrese yo ak 211 pou jwenn enfòmasyon ak sipò – keseswa finansye, nan kay, sante, oswa anrapò ak katastwòf. Pou konekte w nan èd 24 èdtan sou vennkat, 7 jou sou sèt konpoze **2-1-1**. Oswa voye tèks kòd postal ou nan **898-211**. Tchat sou entènèt disponib tou nan **Delaware211.org**. Yon espesyalis fòme ap ede w. 211 gratis ak konfidansyèl.

Benefisye Healthy Rewards

Healthy Rewards se youn nan avantaj ou yo nan Highmark Health Options. Ou ka benefisye rekonpans lè w fè sèten aktivite ki bon pou sante.

Aprè ou fin enskri, w ap resevwa yon kat Healthy Rewards nan kourye. Ou ka itilize kat ou a tankou yon kat kredi nan pifò magazen detayan yo.

Aktivite rekonpans yo ka gen nan yo:

Aktivite Rekonpans	Montan
Depistaj plon (jiska laj 24 mwa)	\$5
Vaksen kont grip pou tibebe (laaj 6 mwa jiska 24 mwa)	\$5 pou chak vaksen/ 2 vaksen antou
Vizit sante pou timoun (laaj 3-20 lane)	\$10
Vizit Byennèt Anyèl (laaj 21 lane oswa plis)	\$10
Vizit kay doktè apre akouchman (jiska 84 jou apre akouchman)	\$10
Vizit kontwòl sante tibebe (jiska laj 15 mwa)	\$10 pou chak vizit/jiska 6 vizit
Vizit kontwòl sante tibebe (laaj 15 mwa jiska laj 30 mwa)	\$10 pou chak vizit/jiska 2 vizit
Medikaman kontwolè opresyon (laaj 18 lane ak pi piti)	\$15 pou chak renouvèlman/ jiska 6 renouvèlman
Tès A1c pou moun ki gen dyabèt	\$15
Egzamen retin pou moun ki gen dyabèt	\$15
Vizit kay doktè apre ou kite lopital la (nan lespas 7 jou)	\$20
Depistaj pou kansè nan tete	\$25
Deteksyon kansè nan kòl matris	\$25
Depistaj pou kansè kolorektal	\$25



Pou w enskri epi wè rekonpans ou ka benefisye, ale sou My.TheraPayRewards.com/HHO, rele nan 1-866-469-7973 (TTY: 711), Lendi jiska Vandredi, 8 a.m.–8 p.m., oswa eskane kòd QR a.



Highmark Health Options respekte lwa Federal sou dwa sivil aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, kwayans, afilyasyon relijye, zansèt, jennda sèks, idantite oswa ekspresyon jennda, oswa oryantasyon seksyèl. Highmark Health Options pa rejte moun ni li pa trete yo yon lòt jan poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, kwayans, afilyasyon relijye, zansèt, jennda, sèks, idantite oswa ekspresyon jennda, oswa oryantasyon seksyèl moun lan.

Highmark Health Options ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap, pou yo ka kominike byen avèk nou, pa egzanp:

- Entèprèt kalifye pou langaj siy.
- Enfòmasyon alekri nan yon fason diferan, sa gen ladan gwo lèt, odyo, ak Braille.

Highmark Health Options ofri sèvis lang gratis pou moun lang prensipal yo pa Anglè, pa egzanp:

- Entèprèt kalifye.
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte Sèvis Manm Highmark Health Options nan 1-844-325-6251 (TTY: 711), lendi jiska vandredi, 8 a.m. – 8 p.m.

Si w panse Highmark Health Options pa te ba ou sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon kont ou nan yon lòt fason akòz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, kwayans, afilyasyon relijye, zansèt, sèks, jennda, idantite oswa ekspresyon jennda, oswa oryantasyon seksyèl, ou ka depoze yon plent devan Highmark Health Options oswa Divizyon Dwa Moun ak Dwa Sivil Delaware pa kourye, nan telefòn oswa ak fòm sou entènèt la.

Highmark Health Options
Attn: Appeals and Grievances
P.O. Box 106004
Pittsburgh, PA 15230
1-844-325-6251

Division of Human and Civil Rights
861 Silver Lake Blvd., Suite 145
Dover, DE 19904
302-739-4567
[hho.fyi/ea-intake](https://www.hho.fyi/ea-intake)

Si w bezwen èd pou depoze yon plent, Highmark Health Options ak Divizyon Dwa Moun ak Dwa Sivil la disponib pou ede w.

Ou kapab pote yon plent pou dwa sivil tou nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini sou entènèt nan [OCRPortal.hhs.gov](https://www.ocrportal.hhs.gov), epi pa kourye, telefòn, oswa imèl:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW
HHH Building Room 509F
Washington, DC 20201
1-800-368-1019 (TTY: 1-800-537-7697)
OCRMail@hhs.gov

Yon vèsyon fòm pou depoze plent lan ki ka enprime disponib nan [hho.fyi/complaint-form](https://www.hho.fyi/complaint-form).

Atansyon: Si w pale anglè, sèvis asistans nan lang, gratis, disponib pou ou. Rele nimewo ki sou do kat idantite w la (TTY: 711).

Attention: If you speak English, language assistance services, free of charge, are available to you. Call the number on the back of your ID card (TTY: 711).

Atención: Si usted habla español, se encuentran disponibles servicios de asistencia con el idioma sin costo alguno para usted. Llame al número que figura al dorso de su tarjeta de identificación (TTY: 711).

注意：如果您会说英语，则可以免费获得语言协助服务。请拨打您身份证背面的号码 (TTY: 711)。

Attention: Si vous parlez français, des services d'assistance linguistique vous sont offerts gratuitement. Veuillez appeler le numéro qui se trouve au verso de votre carte d'identification (TTY: 711).

ध्यान दें: यदि आप अंग्रेजी बोलते हैं, तो भाषा सहायता सेवाएँ आपके लिए निःशुल्क उपलब्ध हैं। अपने आईडी कार्ड के पीछे दिए गए नंबर (TTY: 711) पर कॉल करें।

Pansin: Kung nagsasalita ka ng Ingles, ang mga serbisyo ng tulong sa wika, na walang bayad, ay magagamit mo. Tawagan ang numero sa likod ng iyong ID card (TTY: 711).

פומערקאמקייט: אויב איר רעדן ענגליש, שפראך הילף באדינונגס זענען בארעכטגאט איר. רופן דעם נומער אויף די צוריק פון דיין שייך קארט (TTY: 711).

Akiyesi: Ti o ba so Geɛsi, awɔn iɛ iranlɔwɔ ede, laisi idiyele, wa fun ɔ. Pe nɔmba ti o wa ni ɛhin kaadi ID rɛ (TTY: 711).

ध्यान आपो: જો તમે અંગ્રેજી બોલો છો, તો ભાષા સહાય સેવાઓ, તમારા માટે નિ:શુલ્ક ઉપલબ્ધ છે. તમારા ID કાર્ડની પાછળના નંબર પર કોલ કરો (TTY: 711).

تنبيه: إذا كنت تتحدث الإنجليزية، فإن خدمات المساعدة اللغوية متاحة لك مجانًا. اتصل بالرقم الموجود على ظهر بطاقة الهوية الخاصة بك (TTY: 711).

கவனம்: நீங்கள் ஆங்கிலம் பேசினால், மொழி உதவி சேவைகள், உங்களுக்கு இலவசமாக கிடைக்கும். உங்கள் அடையாள அட்டையின் பின்புறத்தில் உள்ள எண்ணை அழைக்கவும் (TTY: 711).

Achtung: Wenn Sie Deutsch sprechen, steht Ihnen kostenlose Unterstützung in Ihrer Sprache zur Verfügung. Wählen Sie hierfür bitte die Nummer auf der Rückseite Ihrer Ausweiskarte (TTY: 711).

Makini: Ikiwa unazungumza Kiingereza, huduma za usaidizi wa lugha, bila malipo, zinapatikana kwako. Piga nambari iliyo nyuma ya kitambulisho chako (TTY: 711).

శ్రద్ధ: మీరు ఇంగ్లీష్ మాట్లాడితే, భాషా సహాయ సేవలు, ఉచితంగా, మీకు అందుబాటులో ఉంటాయి. మీ ID కార్డ్ వెనుక ఉన్న నంబర్కు కాల్ చేయండి (TTY: 711).

Chú ý: Nếu bạn nói tiếng Anh, các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí luôn sẵn có dành cho bạn. Gọi đến số ở mặt sau thẻ ID của bạn (TTY: 711).

